

DOKUMEN MADRASAH

SANGAT RAHASIA



Nama :

No :

**ASESMEN SUMATIF TENGAH SEMESTER GENAP
MI HIDAYATUL MUBTADIIN DEMPEL
TAHUN PELAJARAN 2025/2026**

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa

Hari / Tanggal :

Kelas : IV (Empat)

Waktu :

I. Pilihlah salah siji wangsulan kang bener!

- Salah sawijining tembang kang prasaja lan lumrahe ditembangake dening bocah-bocah cilik ing padesan sinambi dolanan bebarengan, yaiku
 - tembang macapat
 - tembang gedhe
 - tembang kreasi
 - tembang dolanan
- Tuladhane tembang dolanan yaiku
 - Gambuh
 - Gajah-gajah
 - Kinanthi
 - Pocung
- Salah sawijine titikan tembang dolanan, yaiku
 - ukarane dawa-dawa
 - cengkok utawa lagune angel
 - ukarane cekak lan prasaja
 - ukarane endah lan angel
- Tembang dolanan iku ditembangake sinambi
 - upacara
 - lomba
 - hiburan
 - dolanan
- Tembang "Jaranan" ngemot tema bab
 - tetanduran
 - sato kewan
 - panganan
 - lingkungan


6. Tujuan utama isine tembang dolanan sejatine kanggo menehi piwulang marang bocah-bocah ngenani
- katrampilan
 - ilmu pengetahuan
 - budi pakarti
 - lingkungan
7. Tuladhane nilai budi pakarti ing tembang dolanan yaiku
- astane sedheku
 - gembelengan
 - mesem ngguyu
 - welas asih

Tembang dolanan ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakon angka 8 – 12.



Jago Kluruk

Ing wayah esuk, jagone kluruk
Rame swarane pating kemruyuk
Wadhuh senenge sedulur tani
Bebarengan padha nandur pari
Srengenge nyunar kulon prenahe
Manuke ngoceh ana wit-witan
Pating cemruwit rame swarane
Tambah asri donya saisine

8. Srengenge nyunar ... prenahe.
- etan
 - kidul
 - kulon
 - lor
9. Jago kluruk wayah
- sore
 - esuk
 - awan
 - bengi
10. Tembang ing dhuwur iku dumadi saka ... gatra
- 7
 - 8
 - 9
 - 10

- 
11. Manuk ngoceh ana ing
 - a. kurungan
 - b. sawah
 - c. wit-witan
 - d. papringan
 12. Nilai budi pakarti saka tembang “Jago Kluruk” yaiku
 - a. gotong royong
 - b. jujur
 - c. mandhiri
 - d. kurmat-kinurmatan

II. Pilihèn loro wangsulan kang paling bener!

13. Titikan tembang dolanan yaiku
 - a. nggunakake tembung kawi
 - b. cakepane dawa
 - c. asipat seneng lan regeng
 - d. basane prasaja
 14. Tembang dolanan ngemot piwulang kang becik, yaiku
 - a. kajujuran
 - b. tresna asih
 - c. umuk
 - d. goroh
 15. Ing ngisor iki sing klebu tuladhane tembang dolanan yaiku
 - a. Gajah-gajah
 - b. Sinom
 - c. Kupu-kupu
 - d. Pangkur
- 
- 

III. Wenehana tandah centang (✓) ing kolom Bener utawa Salah kanggo saben pranyatan ing ngisor iki!

| No | Pranyatan | Bener | Salah |
|-----|--|-------|-------|
| 16. | Dhelikan iku salah sawijine tuladha dolanan tradhisional kang nggunakake tembang dolanan | | |
| 17. | Tembang dolanan lumrahe ditembangake bocah-bocah nalika padha dolanan | | |
| 18. | Tembang dolanan ora ngemot piwulang, amung kanggo panglipur wae | | |
| 19. | Tembang dolanan lumrahe prasaja lan gampang diapalake | | |
| 20. | Tuladhane tembang dolanan yaiku tembang Khinanti | | |

IV. Jodhokna pranyatan ing ngisor iki karo wangsulane kang trep!

| | | | |
|-----|--|--------------------------|----------------------------------|
| 21. | Tembang kang nduweni sipat gecul lan seneng <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | slendro lan pelog |
| 22. | Jinise laras gamelan <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | tembang dolanan |
| 23. | Ukara ing tembang dolanan <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Prasaja lan gampang dimangerteni |
| 24. | Cengkok lan wilet sajrone tembang dolanan <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | samdya |
| 25. | Tembang kang nyritakake nalika dolan ing segara <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Prau Layar |